

Rekonesans Patènite

Pou yon Timoun Manman li pa Marye

Anvan w siyen yon Rekonesans Patènite, ou dwe li enfòmasyon annapre yo sou dwa legal ou ak konsekans ki genyen nan siyen yon Rekonesans Patènite. Enfòmasyon sa yo pral ede w decide si pou siyen yon Rekonesans Patènite volontè.

Kisa yon Rekonesans Patènite ye?

Yon Rekonesans Patènite se yon dokiman de paran ki pa marye siyen pou **deklare papa legal timoun lan**. Tou de paran yo dwe siyen selon volonte yo.

Ki moun ki ka siyen l'?

Anvan w siyen yon Rekonesans Patènite, ou ka vle pale ak yon avoka. Ou gen dwa mande yon avoka pou reprezante w ak sèvis sipò tankou konsèy, pou ede w decide si pou siyen yon Rekonesans Patènite.

Ou PA ka siyen yon Rekonesans Patènite si:

- **Manman an te marye nenpòt kilè pandan gwosès la** oubyen lè timoun nan te fèt;
- **Manman an pa marye men plis pase yon gason ka papa pitit la;** oubyen
- **Timoun lan pa fèt.**

PA siyen yon Rekonesans Patènite si, apre ou fin li avi ekri sa epi resevwa yon avi aloral, ou gen nenpòt dout sou patènite timoun lan.

Ki konsekans sa genyen lè w siyen yon Rekonesans Patènite?

Yon Rekonesans Patènite **tou de paran yo siyen selon volonte yo** gen menm fòs legal ak efè tankou yon òdonans tribinal ki rekonèt papa legal timoun lan epi **detèmine devwa tou de paran yo pou bay timoun lan sipò**. Sa vle di si Rekonesans Patènite a pa konteste, ou pa gen pou ale nan tribinal jidisyè oubyen administratif pou detèmine oubyen konfime papa timoun lan.

Lè yon gason siyen yon Rekonesans Patènite:

- Li bandonnen dwa li pou yon tribinal tande li pou detèmine si li se papa timoun lan;
- Li ka detèmine dwa pou gad ak vizit;
- Li ka blije bay konsantman l anvan timoun lan plase pou adopsyon;
- Rekonesans lan tabli dwa timoun lan pou l erite papa a si Rekonesans Patènite a anrejistre nan biwo ofisyè etasivil ki nan distri kote batistè a te anrejistre a; epi
- Li **ka** detèmine dwa timoun lan pou l erite papa l si Rekonesans Patènite a **sèlman** anregistre nan Rejis Papa Sipoze a.

Timoun lan ka pote siyati youn oswa lòt paran. Non timoun lan pa pral afekte stati legal timoun lan.

Sa kap pase si w pa siyen?

Si yon Rekonesans Patènite **pa gen siyati tou de paran yo**:

- **Gason an pap** gen dwa okipe timoun lan epi non li pa ka sou batistè a jiskaske gen yon odisyon nan tribinal kote yo jwenn li se papa timoun lan. Si tribinal la jwenn gason an se papa timoun lan, tribinal la ka fè yon òdonans sipò ki ka gen efè depi lè depi lè timoun lan te fèt.
- Si manman an mande epi resevwa asistans piblik, refi manman an pou l siyen Rekonesans Patènite a pa ka konsidere kòm yon echèk pou l kopere nan detèmine patènite pou timoun lan.

Si **odisyon tribinal** la vin obligatwa poutèt dou de paran yo pa siyen Rekonesans Patènite a:

- Gason an gen dwa pou l gen yon avoka gratis si li pa gen mwayen pou peye yon avoka; epi
- Gason an gen dwa pou l fè **tès jenetik oubyen tès ADN** pou ede tribinal la detèmine si li se papa timoun lan.

Sa kap pase apre ou fin siyen?

Si ou te siyen Rekonesans Patènite a nan yon distri lopital oubyen sèvis sosyal:

- Orijinal Rekonesans Patènite a **pral anrejistre pou ou** nan etasivil distri a kote batistè a anrejistre a; epi
- Ofisye etasivil la pral poste ba w yon kopi sètifye Rekonesans Patènite a; epi
- Pou timoun ki fèt nan yon **lopital** New York ki **pa twouve l nan Vil New York**, ofisye etasivil la pral anrejistre yon kopi Rekonesans Patènite a nan Depatman Sante Eta a ak nan Rejis Papa Sipoze a; oubyen
- Pou timoun ki fèt nan yon **lopital ki nan Vil New York**, ofisye etasivil la (Depatman Sante ak Ijèn Mantal Vil New York) pral anrejistre yon kopi Rekonesans Patènite ak Rejis Papa Sipoze a.

Si pou **PA** te siyen Rekonesans Patènite a nan yon distri lopital oubyen sèvis sosyal:

- **Ou dwe poste oubyen pote** orijinal Rekonesans Patènite a nan etasivil distri kote batistè a anrejistre a, oubyen nan **Vil New York** nan **Depatman Sante ak Ijèn Mantal Vil New York**, Biwo Ak Etasivil/Office of Vital Records, pou: Corrections Unit Room 144, 125 Worth Street CN-4, New York, NY 10013-4089;
- Ofisye etasivil la pral poste ba w yon kopi sètifye Rekonesans Patènite a; epi
- Pou timoun ki fèt nan yon **lopital** New York ki **pa twouve l nan Vil New York**, ofisye etasivil la pral anrejistre yon kopi Rekonesans Patènite a nan Depatman Sante Eta a ak nan Rejis Papa Sipoze a; oubyen
- Pou timoun ki fèt **nan Vil New York**, ofisye etasivil la (Depatman Sante ak Ijèn Mantal Vil New York) pral anrejistre yon kopi Rekonesans Patènite a nan Rejis Papa Sipoze a.

Kisa Rejis Papa Sipoze a ye?

Rejis Papa Sipoze a se yon Rejis non ak adrès tout moun ki siyen yon Rekonesans Patènite oubyen moun yon tribinal jwenn ki papa yon timoun ki se pitit yon manman ki pa marye. Enfòmasyon sa yo pral bay nan yon tribinal oubyen yon ajans otorize sou demann, men pa dwe pibliye bay okenn lòt moun san yon òdonans tribinal pou yon bon kòz ki prezante.

Pou Referans sèlman

Èske w ka Anile Rekonesans Patènite a apre ou finn siyen li?

Wi. Nenpòt paran gen dwa anile Rekonesans Patènite a ak yon demann anilasyon nan tribinal fanmi an. Demann lan ka sèlman depoze nan dele annapre yo, sa ki depannde laj paran an lè li te siyen Rekonesans Patènite a:

	Paran an gen 18 lane oubyen pi gran lè li te siyen Rekonesans Patènite a	Paran an gen mwenns pase 18 lane lè li te siyen Rekonesans Patènite a
Kèlkeswa sa ki te fèt anvan	Sou 60 jou apre dat siyati Rekonesans Patènite a.	Sou 60 jou apre paran fete 18 lane li.
	Sou 60 jou apre dat repons petisyon an obligatwa nan yon pwosedi ki gen pou wè ak timoun lan kote paran sa se yon pati konsènen.	Sou 60 jou apre dat repons petisyon an obligatwa nan yon pwosedi ki gen pou wè ak timoun lan kote paran sa se yon pati konsènen, akondisyon paran an te enfòm nan pwosedi sa li gen dwa prezante yon demann anilasyon.
Si dele a espire	Youn oswa lòt paran ka sèlman konteste Rekonesans Patènite a, nan tribinal, si li te siyen sou baz fwod, kontrent, oubyen erè nan evenman enpòtan. Responsablite prèv la twouve l sou do pati ki vle retire Rekonesans Patènite a.	

Si demann anilasyon an depoze nan limit kòrèk la oubyen, apre dele a espire, paran an reyisi konteste Rekonesans Patènite a nan tribinal, tribinal la pral mande tès jenetik oubyen tès ADN pou jwenn papa pitit la. Tribinal la pa pral mande tès sa, men fòk li estime li pa nan bon enterè timoun lan. Okenn nan obligasyon legal paran, tankou obligasyon pou okipe timoun lan, pa ka sispann pandan kontestasyon an nan Rekonesans Patènite a sòf si tribinal la jwenn rezon valab pou sa.

Si tribinal la jwenn, apre yon tès jenetik oubyen tès ADN, moun ki te siyen Rekonesans Patènite a se papa pitit la, tribinal la pral fè yon konsta patènite epi pwononse yon òdonans filayasyon ki deklare li se papa a. Si tribinal la jwenn moun ki te siyen Rekonesans Patènite a pa papa timoun lan, Rekonesans Patènite a pral anile epi tribinal la pral voye yon kopi san pèdi tan nan etasivil la ak nan Rejis Papa Sipoze a. Si yon pati ap resevwa sèvis sipò pou timoun, yon kopi pral remèt bay inite aplikasyon sipò pou timoun lan.

Èske w ka jwenn yon nouvo batistè apre ou finn siyen fòmilè a?

Wi. Si Rekonesans Patènite a pa siyen lè timoun lan te fèt la, yon nouvo batistè ka fèt ak non papa a ladann, epi w te chanje siyati timoun lan lè w te ranpli Rekonesans Patènite a, siyati timoun lan pral chanje sou nouvo batistè a.

Kesyon konsènan fòmilè sa poutèt li gen pou wè ak pwosesis batistè a dwe ale jwenn ofisye etasivil distri kote Rekonesans Patènite a anrejistre oubyen pral anrejistre oubyen nan Vil New York nan Depatman Sante ak Ijèn Mantal Vil New York.

Pou Referans sèlman

Èske ou gen pou peye pou yon nouvo batistè?

Si pitit ou a te fèt nan yon lopital New York ki pa nan Vil New York, epi ou siyen Rekonesans Patènite a apre batistè orijinal la fin anrejistre, Depatman Sante Eta New York pral ba w yon batistè gratis.

Si pitit ou an te fèt nan yon lopital ki nan Vil New York, epi ou siyen Rekonesans Patènite a apre batistè orijinal la fin anrejistre, papa a pral resevwa yon batistè gratis. Si timoun lan gen pi piti pase yon lane, manman an ka chanje batistè orijinal la gratis; apre ennan gen yon frè ranplasman.

Poukisa li enpòtan pou detèmine patènite a?

Genyen plizyè avantaj nan detèmine patènite pou manman, papa ak pitit la.

Pou timoun lan :

- Dosye legal idantite toulede paran yo.
- Non papa a sou batistè a.
- Enfòmasyon sou istwa medikal fanmi an si sa nesèsè pou tretman medikal timoun lan.
- Avantaj onivo emosyon ki genyen nan konnen toulede paran yo.
- Sipò finansye toutede paran yo, tankou pansyon alimantè pou timoun, avantaj Sekirite Sosyal, prestasyon yo bay veteran, alokasyon militè, ak eritaj.
- Asirans sante oubyen vi toulede paran yo, si yo genyen

Pou manman an:

- Èd nan pataj responsablite paran.
- Enfòmasyon sou istwa medikal si sa nesèsè nan objektif tretman medikal timoun lan.
- Plis sekirite finansye pou timoun lan.
- Fasilite pou jwenn asirans sante, si genyen.

Pou papa a:

- Aplikasyon legal dwa paran.
- Non papa a sou batistè a.
- Dwa pou genyen òdonans tribunal la pou gad oubyen visit.
- Dwa pou yo enfòm epi genyen yon dizon nan pwosedi adopsyon, si genyen.

Kisa pou fè si w gen kesyon toujou?

Pèsonèl lopital disponib pou pale ak ou si w gen nenpòt kesyon sou fòmilè sa ak sou etablisman patènite a. Pèsonèl lopital ka ba w tou nimewo telefòn inite aplikasyon pansyon alimantè zòn lan pou reponn tout lòt kesyon ou ka genyen sou Rekonesans Patènite a oubyen etablisman patènite a.

Wa p jwenn plis enfòmasyon sou fòmilè a ak yon videyo enstriktif sou rekonesans patènite volontè a sou sitwèb New York State Division of Child Support Enforcement sou www.childsupport.ny.gov.

Distri anrejistre _____

Kòd Lopital (Nimewo PFI) _____

Nimewo Rejis _____

REKONESANS PATÈNITE

(Tanpri tape oubyen ekri ak lèt detache byen klè avèk yon plim ble oswa nwa.)

Tyeke kote ki siyati: Lopital Biwo Pansyon Alimantè Rejis Batistè Lòt antite

TIMOUN	Prenon		Dezyèm	
	Siyati		Sèks <input type="checkbox"/> Gason <input type="checkbox"/> Fi	Dat li fèt (JJ/MM/AAAA) / /
	Kote li fèt		Vil kote li fèt	Konte kote li fèt
	<i>Si batistè timoun lan deja anrejistre epi ou vle chanje siyati timoun lan, ranpli seksyon annapre a:</i>			
	Siyati ki sou batistè orijinal		Nouvo siyati	

Nou konnen siyati Rekonesans Patènite sa li volonte epi pral tabli patènite pitit nou an epi pral genyen menm fòs ak efè tankou yon òdonans filyasyon kap detèmine patènite epi aplike apre yon odyans tribinal ki gen ladann yon oligasyon pou nou okipe pitit nou an. Sòf si Rekonesans Patènite a anrejistre nan Eta sivil la kote batistè a anrejistre, Rekonesans Patènite a pral genyen fòs ak efè sa nan sa ki gen pou wè ak dwa eritaj. Nou resevwa avi alekri ak aloral sou dwa legal nou yo (san bliye dele pou anilasyon an), responsablite, altènatif ak konsekans siyati Rekonesans Patènite a, epi nou konprann sa ki ekri nan avi a. Nou te resevwa yon kopi avi ekri a. Nou sètifye enfòmasyon nou bay annapre yo vre.

PAPA	Prenon		Dezyèm		Siyati	
	Adrès (ri, nimewo kay/apat.)					
	Vil			Eta		Zip
	KOTE LI FÈT	Vil	Eta		Peyi	
	Dat li fèt (JJ/MM/AAAA) / /			Nimewo Sekirite Sosyal		
	<i>Mwen rekonèt nan dokiman sa mwen se papa byolojik timoun yo site non li anwo a.</i>					
	Siyati			Dat (JJ/MM/AAAA) / /		
SEKSYON TEMWEN (Temwen pa kapab fanmi ni manman ni papa.)	Siyati Temwen		Non ak lèt detache		Dat (JJ/MM/AAAA) / /	
	Siyati Temwen		Non ak lèt detache		Dat (JJ/MM/AAAA) / /	

MANMAN	Prenon		Dezyèm		Siyati	
	Non jèn fi (siyati a sèlman)					
	Adrès (ri, nimewo kay/apat.)					
	Vil			Eta		Zip
	KOTE LI FÈT	Vil	Eta		Peyi	
	Dat li fèt (JJ/MM/AAAA) / /			Nimewo Sekirite Sosyal - -		
	<i>Mwen aksepte nan dokiman sa Rekonesans Patènite pou pitit mwen non l site pi wo a, epi mwen rekonèt non gason yo site pi wo a se sèl papa posib pitit mwen te fè a. Mwen deklare mwen pa te marye pandan tout moman gwoès la oubyen lè timoun mwen an te fèt OUBYEN, mwen deklare mwen marye annapre ak papa byolojik pitit mwen an.</i>					
Siyati			Dat (JJ/MM/AAAA) / /			
SEKSYON TEMWEN (Temwen pa kapab fanmi ni manman ni papa.)	Siyati Temwen		Non ak lèt detache		Dat (JJ/MM/AAAA) / /	
	Siyati Temwen		Non ak lèt detache		Dat (JJ/MM/AAAA) / /	

For Official Use Only/ Pou Lizaj Ofisyèl sèlman

The above Acknowledgment of Paternity is hereby filed with the _____ registrar on ____/____/____.

If this document is to amend a birth certificate, I certify that I have examined the original record this seeks to amend and the information on this document matches. There are no omissions or apparent errors that render it unacceptable for amending the birth record. This document is therefore approved.

State Registrar/Deputy City Registrar Signature

____/____/____
MM/DD/YYYY

LDSS-4418-HA

PAPA

Non _____
Adrès _____ Apat. _____
Vil _____ Eta _____ Zip _____

Adrès postal papa a dwe ekri ak lèt detache isit la.

(kote pou pwaye fèy la)

(kote pou pwaye fèy la)

MANMAN

Non _____
Adrès _____ Apat. _____
Vil _____ Eta _____ Zip _____

Adrès postal manman an dwe ekri ak lèt detache isit la.

Pou Referans sèlman